**दिन– शनिवार** **दिनांक–04.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी गामक विकास आ अवसरि के लेल ग्रामीण भारत के सशक्त बनेबा पर जोर देलनि अछि। श्री मोदी आइ नव दिल्ली के भारत मंडपम् मे ग्रामीण भारत महोत्सवक उद्घाटन समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। प्रधानमंत्री कहलनि जे सरकार वर्ष दू हजार चौदह सँ ग्रामीण लोकसभक जीवन गरीमामय बनेबाक प्राथमिकता के संग लगातार ग्रामीण भारत के लेल काज कऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे सरकार सभ गाम मे आधारभूत सुविधा सुनिश्चित करबाक लेल एक अभियान शुरू कयलक अछि। एकर विषय अछि– विकसित भारत दू हजार सैंतालीस के लिए आत्मनिर्भर ग्रामीण भारत का निर्माण। श्री मोदी कहलनि जे हुनक सरकारक नीति आ निर्णय सँ ग्रामीण भारत मे नव ऊर्जा के संचार भेल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अपन प्रगति यात्राक दोसर चरणक शुरूआत गोपालगंज सँ कयलनि। ओ जिला मे एक सय अड़तीस करोड़ टाका के लागतिबला विभिन्न विकास योजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। संगहि मुख्यमंत्री विभिन्न विकास योजना सभक प्रगति के समीक्षा सेहो कयलनि।

---

पटना के बापू परीक्षा परिसरक निरस्त भेल बीपीएससी के सत्तरम एकीकृत संयुक्त प्रारंभिक प्रतियोगिता परीक्षा आइ पटनाक बाईस केन्द्र सभ पर आयोजित कयल गेल। परीक्षा शांतिपूर्ण वातावरण मे संपन्न भेल। एम्हर आइ सेहो परीक्षा निरस्त करबाक मांग के लऽकऽ छात्र लोकनिक प्रदर्शन जारी अछि।

---

आर्थिक अपराध इकाई के टीम पटनाक बेउर जेल अधीक्षक विधु कुमारक कतेको ठेनाका सभ पर एक संग छापामारी कयलक अछि। प्राप्त जनतबक अनुसार जांच एजेंसी

हुनक सरकारी आवास कार्यालय आ पैतृक आवास पर छापामारी कयलक अछि। आय सँ बेसी संपत्ति अर्जित करबाक मामिला मे ई छापामारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

पूर्णियां जिला बायसी थाना क्षेत्रक ताराबाड़ी मे पुलिस कुख्यात अपराधी सुशील मोची के मुठभेड़ मे मारि खसौलक अछि। ओकरा पर दू लाख टाका के ईनाम छल। बायसी के एसडीपीओ आदित्य कुमार जनौलनि जे सुशील मोची पर बिहारक संग—संग पश्चिम बंगालक कतेको थाना मे हत्या, लूट आ डकैती के मामिला दर्ज छल।

———————————————————————

सिख के दशम आ अंतिम गुरू, गुरू गोविन्द सिंह जी महाराजक तीन सय अंठावनम जयंती के अवसर पर आइ सँ पटना सिटी के तख्त श्री हरमंदिर साहिब मे तीन दिवसीय प्रकाश—उत्सव शुरू भेल। प्रकाश—उत्सव के शुरूआत तख्त श्री हरमंदिर साहिब सँ प्रभातफेरी के संग भेल। प्रकाशपर्व समारोह मे सम्मिलित हेबाक लेल देश— विदेश सँ श्रद्धालु लोकनि पटना साहिब पहुचि रहल छथि।

———————————————————————

प्रदेश मे कड़ाका के ठंड आ कुहेसक कारण आम जन—जीवन प्रभावित भेल अछि। बक्सर, कैमूर, सारण आ रोहतास जिला मे आइ शीत दिवसक स्थिति बनल अछि। राजधानी पटना सहित राज्यक बेसीतर भाग मे घनगर कुहेसक कारण रेल,सड़क आ हवाई यातायात प्रभावित भेल अछि। नम्हर दूरी के कतेको रेलगाड़ी अपन निर्धारित समय सँ विलंब सँ चलि रहल अछि। ओतहि पटना—दरभंगा हवाई अड्डा पर कुहेसक कारण विमानक आवाजाही प्रभावित भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला तीन दिनक दरमियान राज्यक न्यूनतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस के वृद्धि होयत। ओतहि, काल्हि भोर राज्यक उत्तर—पूर्वी हिस्सा मे अति घनगर कुहेस लागल रहत।

———————————————————————

आइ विश्व ब्रेल दिवस अछि। ई दिवस ब्रेल लिपी के महत्व के लऽकऽ जागरूकता बढ़बाक लेल मनाओल जायत अछि। ब्रेल लिपी पूर्ण दृष्टिबाधित आ आंशिक रूप सँ दृष्टिबाधित लोकसभक मानवाधिकारक पूर्ण अनुभूति सँ संपर्क के माध्यम अछि। ई दिवस फ्रांसीसी शिक्षा विशारद लूईस ब्रेल के जयंती के स्मरण मे मनाओल जायत अछि।

---

दरभंगा मे भारत–नेपाल मैत्री मंचक तत्वावधान मे आइ कमला नदी सुरक्षा आ संरक्षण विषय पर अंतर्राष्ट्रीय संगोष्ठि के आयोजन कयल गेल। जाहि मे कमला नदी के सफाई कऽ पुनः पुरान स्वरूप मे आनबा पर जोर देल गेल। एहि संगोष्ठि मे भारत आ नेपालक विद्वान लोकनि अपन विचार साक्षा कयलनि।

---

कटिहार जिलाक डंडखोरा थाना क्षेत्रक गोरफर सोथी पुलक लऽग ट्रेनक चपेट मे अयला सँ दू मजदूर के मृत्यु भऽ गेलनि। पुलिस सुत्रक अनुसार दुनू मजदूर कान मे इयरफोन लगा कऽ पटरी के रास्ता सँ घर जा रहल छलाह। तखनहि ई हादसा भेऽ गेल।

मधेपुरा जिलाक गम्हरिया थाना क्षेत्र मे पदस्थापित दू पुलिसकर्मी के शराब पीबाक आरोप मे निलंबित कऽ देल गेल अछि। पुलिस अधीक्षक संदीप सिंह जनौलनि जे दुनू गोटे के विरूद्ध प्राथमिकी दर्ज कऽ आगां के कार्रवाई कयल जा रहल अछि।

मधुबनी जिलाक लदनिया थाना क्षेत्र सँ पुलिस एक युवक के हथियारक संग गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि जिलाक खुटौना आ औंसी थाना क्षेत्र सँ पुलिस भारी मात्रा मे शराब बरामद कऽ एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि।

अररिया जिला मे यातायात नियमक पालन आ अपराध नियंत्रण के लऽकऽ चलाओल गेल वाहन चेकिंग अभियान मे बिना इंश्योरेंस, रजिस्ट्रेशन, ड्राइविंग लाइलेंस आ वैध कागजात के वाहन चलेबा एक लाख चौरानवे हजार पांच सय टाका के राशि जुर्माना के रूप मे असुलल गेल।

---

समाप्त